



Human Resources
175 Forest Street
Waltham, MA 02452

ENSKRIPSYON LIB:
28 oktòb – 8 novanm 2024

NOUVÈL KONSÈNAN ENSKRIPSYON POU AVANTAJ ANE 2025 YO

ENSKRIPSYON LIB:
**28 OKTÒB –
8 NOVANM 2024**

Avantaj Bentley ou yo ba ou sipò konplè pou tout etap lavi a. Li enpòtan pou revize opsyon ou yo pou asire w ke ou menm ak fanmi w gen kouvèti ou bezwen pou ane 2025 lan.

Enskripsyon Lib la ap apwoche byen vit, kidonk, asire w ke ou make dat la nan kalandriye w epi pou siveye materyèl ak resous sa yo:

- **Mizajou sou Enskripsyon Lib pou Avantaj Ane 2025 yo:** Bay tout enfòmasyon ou bezwen konnen anvan ou enskri; nou voye yo dirèkteman nan imèl Bentley University ou a.
- **Gid Avantaj pou Anplwaye pou Ane 2025 lan ak enfòmasyon adisyonèl sou avantaj yo:** Ki afiche sou paj sitwèb Enskripsyon Lib la.
- **Orè biwo avèk Ekip Avantaj Bentley a:** Nou bay li pou ede ou konnen kijan pou jwenn resous ou bezwen yo ak pou nou reponn kesyon w yo.



BENTLEY UNIVERSITY



Enskripsyon Lib la prèske rive, e ane

Kisa ki Nouvo

N ap ajoute resous sa yo gratis pou ou pou nou pi byen sipòte ou menm ak fanmi ou:

- **The Bentley MyBenefitsApp** bay nenpòt kilè, nenpòt kote, aksè ak avantaj Bentley ou yo pou ane 2025 lan. Kounyea, ou kapab jwenn detay sou plan, fòmilè yo, kat idantifikasyon yo ak anpil lòt bagay lè ou an depasman. The Bentley MyBenefitsApp pral disponib pou telechaje pandan Enskripsyon Lib la.
- **Sèvis Defans Medicare** yo bay asistans gratis pou anplwaye Bentley ak manm fanmi ki prèske elijib pou Medicare yo ak/oswa ki deja elijib. Jwenn konsèy pèsonalize pou konprann opsyon kouvèti sante ki disponib yo.
- **Pwogram Diabetes Care Rewards (DCR) la** ke Abacus Health Solutions founi pral ranplase Pwogram Jesyon Dyabèt OptumRx® a ak Livongo. Nouvo pwogram sa a ofri pasyan yo ankourajman finansye pou yo jwenn swen ki baze sou prèv nan yon delè rezonab ak pou yo jere medikaman yo.
- Se yon nouvo konpayi asirans ki pral bay avantaj **Siplemantè pou Andikap Alontèm** yo. Al gade Mizajou (ki pral genyen byento!) sou Avantaj Enskripsyon Lib pou ane 2025 lan pou wè tout detay yo.

e sa a, I ap fèt ant **28 oktòb – 8 novanm**


Kisa k ap Chanje

Bentley angaje I pou li founi kouvèti medikal meyè kalite pandan I ap minimize ogmantasyon pri swen sante pou anplwaye yo. Bentley pral kontinye peye majorite depans pou plan medikal anplwaye yo e li pral ogmante kontribisyon li nan kouvèti w la a 5% ane k ap vini an. Men, prim asirans sante anplwaye yo pral ogmante a 5% an 2025. Kantite lajan egzak la pral depann de ki plan sante ou chwazi, men ogmantasyon mwayèn nan pral anviwon \$13 pou chak anplwaye, chak mwa. Tout lòt kouvèti plan medikal yo p ap chanje.

Kisa ki P ap Chanje

Kouvèti ak pri plan p ap chanje pou avantaj ak pwogram sa yo:

- Avantaj dantè
- Avantaj pou swen vizyon
- Asirans-vi ak avantaj volontè



Ou pral resevwa Mizajou byento sou Enskripsyon Lib pou Avantaj Ane 2025 lan. Ou dwe fè enskripsyon final la anvan 8 novanm.

Aprann sou sa ki nouvo ak sa k ap chanje epi enskri atravè Workday.



Pou jwenn enfòmasyon sa a nan lang Anglè, Panyòl, Pòtigè, Fransè oswa Mawoken/Arab, ale sou sitwèb <https://flimp.live/Bentley-Benefits-Translations> oswa eskane Kòd QR la.